

Nimewo Memorandòm Politik FD-155

Pwogram Asistans Alimantè an Ijans (Emergency Food Assistance Program(TEFAP))

Avi Ekri sou Dwa Benefisyè yo

Non òganizasyon an:

Akoz òganizasyon nou an resevwa sipò finansye antyèman oswa an pati ki soti nan Gouvènman Federal la, nou oblije fè w konnen kijan:

1. Nou pa ka fè diskriminasyon kont ou sou baz relijyon, yon kwayans relijye, yon refi w pou kenbe yon kwayans relijye, oswa refize w pou ale oswa patisipe nan yon pratik relijye;
2. Nou pa ka egzije ou pou ale oswa patisipe nan okenn aktivite ki espesifikman relijye (ki enkli aktivite ki gen kontni relijye klè tankou adorasyon, enstriksyon relijye, oswa konvèsyon) òganizasyon nou an ofri, epi tout patisipasyon ou nan aktivite sa yo dwe fèt senpleman sou baz volontè;
3. Nou dwe separe nan tan oswa lokal nenpòt aktivite relijye eksplisit ki finance ak resous prive (ki enkli aktivite ki gen kontni relijye klè tankou adorasyon, enstriksyon relijye, oswa predikasyon) ki soti nan yon aktivite ki jwenn sipò ak asistans finansye Federal dirèk; epi
4. Ou ka rapòte vyolasyon pwoteksyon sa yo, ki enkli nenpòt refi sèvis oswa avantaj yon òganizasyon refize, pandan w ap kontakte oswa soumèt yon plent ekri nan:

U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights Executive Director
Center for Civil Rights Enforcement
1400 Independence Avenue SW
Washington, DC 20250–9410, oswa pa imèl nan program.intake@usda.gov

5. Pou jwenn asistans alimantè nan zòn ou, kontakte **Liy Dirèk USDA Hungerla** :

Pa Telefòn: 1-866-3-HUNGRY oswa **1-877-8-HAMBRE** pou pale ak yon reprezantan de 7:00 AM – 10:00 PM Eastern Time. Liy Dirèk sa a ofri sèvis tradiksyon.

Pa Mesaj Tèks: 914-342-7744 ak yon kesyon ki ka gen yon mo kle tankou "food (manje)," "summer (ete)," oswa "meals (repa)," pou resevwa yon repons otomatik sou resous ki lokalize tou pre yon adrès oswa yon kòd lapòs.

Yo dwe ba w avi ekri sa anvan ou enskri oswa resevwa sèvis nan pwogram nou an sof si nati sèvis la oswa kondisyon ijans lan fè li enpratikab pou bay avi sa a anvan nou bay sèvis la. Nan ka sa a, yo dwe ba w avi sa osito ke posib.

Eskane kòd QR la pou wè avi sa a nan lang sa yo:



Arab (العربية)
Bangla (বাংলা)
Fransè (Français)
Kreyòl Ayisyen
Italyen (Italiano)
Koreyen (한국어)
Pashto (پښتو)

Polonè (Polski)
Ris (Русский)
Chinwa Senplifye (简体中文)
Espanyòl (Español)
Chinwa Tradisyonèl (繁體中文)
Ikrainyen (Українська)
Ourdou (اُردُو)
Yiddish (ייִדיש)